

**ÉFÉKTIVITAS MODÉL PANGAJARAN BERBASIS PROYÉK (PJBL)
DIBANTUAN KU MÉDIA CARITA BARUDAK INTERAKTIF RIRI DINA
NGARTOS UNSUR INTRINSIK CARITA**

SARAH AULIA IBRAHIM

225060036

ABSTRAK

Panalungtikan ieu dilatarbelakangan ku masih kurangna hasil diajar Basa Indonésia siswa kelas V di SDN Jatisari. Tujuan panalungtikan ieu nyaéta pikeun mikanyaho éféktivitas modél Project Based Learning (PjBL) anu dibantu ku média Riri Cerita Anak Interaktif kana pamahaman unsur intrinsik carita siswa. Pendekatan anu digunakeun nyaéta pendekatan kuantitatif kalayan métode quasi ékspérimén sarta désain non equivalent control group design. Larapna modél Project Based Learning (PjBL) anu dibantu ku média Riri Cerita Anak Interaktif némbongkeun ayana paningkatan pamahaman unsur intrinsik carita siswa, hal ieu katingali tina hasil panalungtikan anu némbongkeun ayana béda anu signifikan antara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Rata-rata nilai pretest kelas ékspérimén 55,71 sarta ngaronjat jadi 82,89 dina posttest, sedengkeun kelas kontrol 54,24 jadi 58,53. Nilai signifikan uji-t nyaéta $< 0,001$ sarta effect size 4,480 (kaasup kana kategori pangaruh gedé). Ku kituna, disindekkeun yén modél Project Based Learning (PjBL) anu dibantu ku média Riri Cerita Anak Interaktif éféktif kana pamahaman unsur intrinsik carita siswa kelas V di SDN Jatisari.

Kecap Pamageh: *Project Based Learning, média Riri Cerita Anak Interaktif, unsur intrinsik carita*